

# ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL

**Vandredi 25 Janvyè 2013 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman**

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl la ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a gen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Ki ekspresyon ki ta konsidere kòm yon sous segondè nan Premye Gè Mondyal la?

- (1) kat jewografik Jeneral Lanrezac itilize nan planifikasyon pou Batay Marne
- (2) jounal yon sòlda ki te goumen nan Batay Somme
- (3) manyèl enstriksyon mitrayèt yon sòlda ris itilize nan Fwon Lès la
- (4) atik magazin nan 75yèm anivèsè powèm, “In Flanders Fields”

2 Ki etandi dlo ki ant Sidwès Azi ak Sidès Azi?

- (1) Oseyan Pasifik
- (2) Lanmè Antiy
- (3) Oseyan Endyen
- (4) Lanmè Nwa

3 Ki sistèm dlo yo jwenn nan Mezopotami?

- (1) Rivyè Nil
- (2) Rivyè Jòn
- (3) Rivyè Tigris ak Efrat
- (4) Rivyè Ganj ak Bramapout

4 Migrasyon Bantou nan Afrik (ane 500 anvan Jezi-Kri–ane 1500 apre Jezi-Kri) te gen pi gwo enpak sou devlopman Afriken modèn

- (1) lang
- (2) sistèm mache
- (3) sistèm transpò
- (4) achitekti

5 Zo Orak, Dawoyis, ak Manda Syèl la, yo tout asosye avèk premye sivilizasyon yo nan

- (1) Ejipt
- (2) Lawisi
- (3) Lend
- (4) Lachin

6 • Fè jèn pandan Ramadan  
• Lapriye senk (5) fwa pa jou  
• Bay charite pou pòv yo

Fidèl ki relijyon ki angaje nan pratik sa yo?

- (1) Krisyanis
- (2) Boudis
- (3) Islam
- (4) Jidayis

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7.

**Katedral St. Sophia,  
1017-1037**



Sous: Basil Dmytryshyn, ed.,  
*Medieval Russia: A Source Book, 850-1700*,  
Academic International Press

7 Ki sivilizasyon ki te pi enfliyanse estil achitekti ris yo montre nan foto sa a?

- (1) Omeyad
- (2) Bizanten
- (3) Fransè
- (4) Pèsan

8 • Kreyasyon miral koulè nan gwòt Ajanta  
• Devlopman sistèm desimal ak konsèp zewo  
• Komès avèk Lapès ak vil Afrik-de-Lès yo

Reyalizasyon sa yo te fèt pandan

- (1) dinasti Han
- (2) Lanpi Gupta
- (3) dinasti Tang
- (4) Lanpi Maurya

- 9 Ki reyalizasyon ki pi asosye sitou avèk Lajdò kilti islamik?
- (1) moske, liv medikal, ak aljèb
  - (2) poud kanon, pagòd, ak swa
  - (3) akedik, wout ak tanp politeyis
  - (4) kolòn, teyori yon linivè ki santre sou solèy, ak demokrasi
- 10 Ki deklarasyon ki dekri aksyon Mizilman yo avèk prezizyon pandan Kwazad yo?
- (1) Pifò Mizilman yo te konvèti nan Krisyanis.
  - (2) Mizilman yo te atake ak okipe Konstantinòp.
  - (3) Mizilman yo te defann Jerizalèm paske li te sakre pou yo.
  - (4) Anpil Mizilman te vizite Ewòp pou premye fwa pou jwenn byen deliks.
- 11 Yon enpak enpòtan agrandisman Mongòl nan Azi ak Ewòp se te
- (1) ogmantasyon otorite prens Kievan
  - (2) ogmantasyon nan komès toutolon Wout an Swa yo
  - (3) entwodiksyon Endouyis nan kilti chinwa
  - (4) eksplorasyon maritim dlo lakòt arab la
- 12 Richès ekonomik Calicut, Mogadishu, ak Venice nan 13yèm syèk la te sitou depannde
- (1) sòl fètil yo
  - (2) minrè fè yo
  - (3) min lò yo
  - (4) pozisyon yo sou lakòt la
- 13 Kisa ki te yon rezilta dirèk Lapès Nwa nan Ewòp?
- (1) To ibanizasyon an te ogmante.
  - (2) Yon mank travayè te devlope.
  - (3) Yo te dwe enpòte danre alimantè ki sòti nan Amerik yo.
  - (4) Eta alman yo te domine komès nan lès Meditèrane a.
- 14 Nan *The Prince*, Niccolò Machiavelli te pi konsène pou
- (1) itilizasyon pouvwa politik
  - (2) ogmantasyon otorite legliz
  - (3) kontwòl gouvènman an sou ekonomi an
  - (4) egalite ak jistis pou tout moun
- 15
- Pwendvi lemond te chanje ant lòt monden ak sekilye.
  - Yo te reviv lide grèk yo ak lide women yo.
  - Yo te fè amelyorasyon nan Machin-a-enprime.
- Ki evènman ki te pi asosye sitou avèk aspè Renesans?
- (1) Katedral gotik yo te vin reprezante pwensantral aktivite vil la.
  - (2) Pap la te kouwone Charlemagne kòm Lanperè Women Sen.
  - (3) Galileo Galilei te pibliye enfòmasyon sou yon linivè elyosantrik.
  - (4) Lanperè yo te itilize Douz Tab yo pou pwovoke Paks Womana.
- 16 Ki sitiyan ki te yon kòz imedyat pou efondreman sivilizasyon aztèk?
- (1) deranjman rezo komès nan peyi etranje
  - (2) etranje yo te fè konkèt
  - (3) yon seri rekòlt ki te lakòz defisi
  - (4) yon mank antrènman militè
- 17 Pou kisa yo konsidere ane 1492 kòm yon moman enpòtan nan listwa?
- (1) Panyòl yo te kreye yon echanj ant Ewòp ak Amerik yo.
  - (2) Dinasti Ming te lanse ekspedisyon nan lakòt lès Afrik.
  - (3) Fòs lame Arab Mizilman yo te gen siksè nan konkèt Ejip ak Lasiri.
  - (4) Britanik yo te gen kontwòl sou nouvo teritwa yo nan Lend.
- 18 Nan ane 1500 yo, efò ewopeyen pou gen koloni nan Afrik te jwenn anpèchman akòz
- (1) abolisyon komès esklav
  - (2) efò kolaborasyon misyonè kretyen ak islamik
  - (3) plizyè kalite anpèchman jewografik nan Afrik
  - (4) yon rezistans inifye jeneral dirijan tribi afriken yo

- 19 Ki lide ki pi asosye sitou avèk konsèp ekonomik mèkantilis?
- (1) Koloni yo egziste pou bay matyè premyè ak mache pou yon pouvwa kolonyal.
  - (2) Richès ak pouvwa baze sou echanj tè ant nòb yo.
  - (3) Yo vann machandiz ak sèvis san gouvènman pa foute bouch li.
  - (4) Leta posede pwopriyete ansanm epi se li ki administre li.
- 20 Yon fason rèy Peter the Great ak Catherine the Great sanble sèke toulède dirijan yo
- (1) te ankouraje emansipasyon sèf yo
  - (2) te ranfòse wòl Duma ak pouvwa wyal santralize
  - (3) te separe pouvwa yo avèk Legliz Ris Otodòks
  - (4) t ap mennen yon politik oksidantalizasyon ak ekspansyon
- 21 Ki enstitisyon ki te vin pi fò epi ki te limite monachi a pou li kapab mete yon pwen final nan absolutis nan Angletè?
- (1) labank
  - (2) Palman an
  - (3) inivèsite yo
  - (4) Legliz Anglikàn
- 22 Ki lide ki santral nan *De (2) Trete Gouvènman John Locke*?
- (1) Pouvwa yon gouvènman sòti nan konsantman pèp la.
  - (2) Predestinasyon ap detèmine moun ki prale nan syèl.
  - (3) Grangou, maladi, ak konfli se tchèk natirèl sou kwasans yon popilasyon.
  - (4) Moun ki pa genyen ap ogmante epi y ap kapote gouvènman moun ki genyen.
- 23 Montay And yo ak basen Rivyè Amazòn te afekte efò Simon Boliva pou pwovoke
- (1) enperyalis ekonomik
  - (2) inifikasyon politik
  - (3) solidarite relijye
  - (4) amelyorasyon teknolojik
- 24 • Nominasyon Otto von Bismarck kòm Chanselye  
• Lagè ant Otrich ak Lapris, 1866  
• Lagè ant Lafrans ak Lapris, 1870–1871
- Evènman sa yo te lakòz dirèkteman
- (1) inifikasyon Almay
  - (2) règ etranje nan Itali
  - (3) rebelyon Sepòy
  - (4) yon alyans ant Sèb yo ak Ris yo
- 25 Emigrasyon Ilandè yo an mas nan mitan 19 syèk la se te sitou yon rezilta
- (1) sèvis militè obligatwa
  - (2) grangou
  - (3) lagè sivil
  - (4) mekanizasyon agrikòl
- 26 Yo te itilize souvan lide Dawinis Sosyal 19yèm Syèk la ak “Fado Moun Blan” pou jistifye
- (1) izolasyonis
  - (2) apezman
  - (3) enperyalis
  - (4) dezameman
- 27 Anvan ane 1914, nasyonalis nan Penensil Balkan te pèmèt
- (1) rezistans gwoup etnik yo kont dominasyon Otrich
  - (2) kanpay diplomat etranje kont itilizasyon lagè tranche
  - (3) enkapasite peyi yo pou fè peman reparasyon
  - (4) konbatan yo te rejte Trete Vèsay

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 28.



Vrè "Boksè" yo.

Sous: Grant Wallace, *San Francisco Chronicle*, reprinted in *The Literary Digest*, July 14, 1900 (adapte)

28 Lide ki ekspriime nan komik sa a pi asosye sitou avèk

- (1) alyans ki fòme nan Ewòp
- (2) divizyon Afrik yo diskite nan Konferans Bèlen
- (3) esfè enfliyans etranje yo kreye nan Lachin
- (4) chanjman nan fwontyè ki fè nan Kongrè Vyèn

29 Ki deklarasyon konsènan Premye Gè Mondyal ki se yon pwendvi alaplas yon evènman?

- (1) Peyi ewopeyen yo te ogmante pwodiksyon zam pandan lagè a.
- (2) Gouvènman pifò peyi te endike peryòd konfli a ta kout.
- (3) Yo te itilize afich pwopagann pou jwenn sipò pou lagè a.
- (4) Sitwayen peyi alye te montre plis patriyotis pase sitwayen Puisans Santral yo.

30 Ki aksyon Bòlchevik yo te fè anba kalite dirijan Vladimir Lenin?

- (1) sipòte yon ekonomi tradisyonèl
- (2) elimine opozisyon politik
- (3) rann tèt yo ba Gouvènman Pwovizwa a
- (4) pwolonje lagè a kont Otrich-Hongri

31 Yon chanjman ekonomik ki entwodui nan Inyon Sovyetik anba Joseph Stalin ta gen ladan

- (1) kreyasyon refòm mache lib
- (2) bòkòt wout komèsyal Lanmè Baltik
- (3) konsantre sou pwodiksyon byen konsomasyon
- (4) adaptasyon agrikilti kolektif

32 Ki evènman nan Dezyèm Gè Mondyal ki te fèt anvan?

- (1) Batay Grannbretay
- (2) envazyon nan Jou J
- (3) envazyon Lapòlòy
- (4) parachitaj yon bonm atomik sou Hiroshima



Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.

“Mwayennoryan” pa yon tèm Moun Mwayennoryan te bay tèt yo, men yon tèm britanik ki sòti nan yon lide kolonyal ewopeyen. Orijin tèm nan filtre [tranpe] nan polemik poutèt li te yon enpozisyon ewopeyen lide jewografik anvan pou esfè enfliyans ewopeyen. Lès depi ki kote? Depi Lond. Pou kisa “Mwayen”? Paske li te mwaye wout ant Wayòm Ini ak Lend, Ekstrèm Oryan....

— Pierre Tristram, “What is the Middle East?”

33 Ki tèm ki pi asosye sitou avèk lide prensipal pasaj sa a?

- |                   |                    |
|-------------------|--------------------|
| (1) entèdepandans | (3) kont espansyon |
| (2) pasifis       | (4) etnosantris    |
- 

34 Nan ki fason Kore ak Almay sanble apre Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Yo te refize aliye avèk sipè-puisans yo.
- (2) Ansyen lanperè yo te jije pou krim lagè.
- (3) Toulède te rete divize pandan Gèfwad la.
- (4) Tansyon etnik te fè menas lagè sivil nan chak peyi.

35 Yon objektif Inyon Ewopeyen (EU) ak Akò Amerik-di-Nò pou Echanj Lib (NAFTA) se pou

- (1) redui baryè komèsyal ant nasyon manm yo
- (2) diminye konpetisyon ant endistri enpòtan yo
- (3) kontwòle rezèv petwòl ki disponib nan nasyon endistriyalize yo
- (4) ogmante nasyonalis nan peyi oksidantal yo

36 Ki dirijan chinwa ki te pi asosye sitou avèk dominasyon Gwo Avansman ak Revolisyon Kiltirèl?

- (1) Sun Yixian (Sun Yat-sen)
- (2) Jiang Jieshi (Chiang Kai-shek)
- (3) Mao Zedong
- (4) Deng Xiaoping

37 Pou kisa gwo kantite Endou ak Mizilman te migre imedyatman apre Lend te vin gen endepandans li?

- (1) Yo t ap sou-trete anpil djòb nan peyi etranje.
- (2) Gouvènman te ofri prim pou lojman nan zòn ki fèk devlope yo.
- (3) Pelerinaj relijye nan peyi toupre yo te obligatwa dapre kwayans yo peyi sa yo.
- (4) Sou-kontinan an te separe an plizyè peyi ki baze sitou sou pozisyon majorite relijye yo.

38 F. W. de Klerk ak Nelson Mandela te resevwa pri Nobèl Lapè pou travay yo pou mete yon pwen final nan

- (1) kontwòl peyi etranje sou min dyaman yo
- (2) politik diskriminasyon apated
- (3) anachi nan Somali
- (4) Lagè Boyè

39 Pol Pot, Khmè Wouj, “chan ansasinay,” ak Ane Zewo, yo tout te asosye avèk yon peryòd vyolan nan ki peyi?

- |             |            |
|-------------|------------|
| (1) Vyetnam | (3) Lachin |
| (2) Kanbòdj | (4) Kore   |

40 Ki kondisyon, ansanm avèk sechrès, ki te pi fòse dirèkteman migrasyon pèp la nan rejyon sid ki toupre Sahara?

- |                    |                          |
|--------------------|--------------------------|
| (1) ibanizasyon    | (3) touris espas natirèl |
| (2) polisyon lakòt | (4) dezètifikasyon       |

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 41.



Sous: Robert Ariail, *The State*, April 27, 2008 (adapte)

41 Ki lide prensipal komik sa a?

- (1) Monte sou yon cheval pi danjere pase monte nan yon otomobil.
- (2) Itilizasyon byo-kabiran ki fèt avèk mayi ap amelyore sekirite otomobil.
- (3) Itilizasyon mayi pou fè byo-kabiran pou otomobil ap ogmante mank manje.
- (4) Bay cheval manje mayi mwen efikas pase itilize mayi a pou fè kabiran pou otomobil yo.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 42.

... Men pou Ikrèn, kontaminasyon nan dlo rivyè se toujou yon gwo pwoblèm, paske pifò rivyè yo ak koule nan direksyon sid. Pou ralanti devlopman radyasyon, yo te bati baraj pwoteksyon toutolon Dnieper apre aksidan an. “Men sètènman pa tout espas rivyè kapab pwoteje nan fason sa a,” jan ajans gouvènman ikrenyen an, Chernobyl Interinform, montre sa nan rezime li fè sou sitiyasyon an. “Sitou pandan inondasyon yo, radyasyon an toujou filtre nan rivyè yo. Sa se yon menas patikilye pou 30 milyon moun ki jwenn dlo pou bwè nan basen Dnieper.” ...

— Chernobyl.info

42 Konsekans ki pwoblèm ki dekri nan pasaj sa a?

- |                       |                       |
|-----------------------|-----------------------|
| (1) eripsyon vòlkan   | (3) rechofman atmosfè |
| (2) katastwòf nikleyè | (4) debwazman         |

43 Ki yon faktè ki te afekte devlopman ekonomik peyi Afrik-di-Sid yo nan 21yèm syèk la?


- (1) depandans sou ekspòtasyon kafe
- (2) distribisyon richès egalego
- (3) kreyasyon yon gouvènman kominis yo
- (4) devlopman epidemi SIDA

44 Travayè ki nan peyi endistriyèl yo dwe kreye yon revolisyon, kapote gouvènman ki la yo avèk lafòs si li nesesè, epi answit kreye yon nouvo sosyete san klas.

Deklarasyon sa a eksprime pwendvi

- |                       |                   |
|-----------------------|-------------------|
| (1) Mikhail Gorbachev | (3) Karl Marx     |
| (2) Jomo Kenyatta     | (4) Kemal Atatürk |

Sèvi ak tablo ki travay atistik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 ak 46.



Sous: *Bridging World History*, Annenberg Learner

- 45 Ki sistèm ekonomik ki pi asosye sitou avèk aktivite ki endike nan travay atistik sa a?
- (1) seyèri (3) kominis  
(2) kapitalis (4) sosyalis
- 46 Avèk ki anviwònman istorik travay atistik sa a pi asosye sitou?
- (1) Japon —chogoun Tokugawa  
(2) Mwayennoryan —dinasti Abbasid  
(3) Ewòp-de-Lwès —Mwayennaj  
(4) Lend —Lanpi Mughal

- 47 Lwa Nuremberg yo pi byen dekri kòm
- (1) efò Legliz Katolik Women pou pini erezi  
(2) pifò atik ki nan Deklarasyon Dwa Moun  
(3) lwa espesifik ki nan Kòd Jistinyen  
(4) lwa anti-semitik Almay 20yèm syèk
- 48 Ki faktè ki te ede twoup ris yo pote laviktwa sou fòs lame Napoleon ak fòs sovyetik yo nan pote laviktwa sou fòs lame Hitler?
- (1) sezon livè difisil  
(2) pasaj nan montay  
(3) fòs-de-lè siperyè  
(4) medyatè Nasyonzini
- 49 Tretman entouchab yo nan Lend, tretman Jwif yo pandan Olokos, ak tretman manifestan etidyan chinwa yo nan Tiananmen Square, yo tout se egzamp
- (1) politik fachis  
(2) ekstra-teritoryalite  
(3) eskominikasyon  
(4) vyolasyon dwa moun
- 50 Yon fason Touden Louvèti, Kwame Nkrumah, ak Ho Chi Minh sanble sèke chak dirijan
- (1) te kont wòl Legliz Katolik Women nan politik  
(2) te kreye premye gouvènman demokratik peyi li  
(3) te batay pou libere peyi li anba kontwòl ewopeyen  
(4) te dakò avèk prensip dezobeyisans sivil



**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon an nan tiliv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Chanjman—Chit Gouvènman**

Lanmò yon dirijan toudenkou, yon defèt nan lagè, oswa yon revolisyon ki gen siksè souvan lakòz chit yon gouvènman. Gen chanjman politik, sosyal ak ekonomik ki fèt akòz chit yon gouvènman.

#### **Sa pou fè:**

Chwazi **de (2)** sitiyasyon kote chit yon gouvènman te lakòz chanjman enpòtan nan yon peyi oswa rejyon, epi yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz chit yon gouvènman
- Diskite sou chanjman politik, sosyal, **ak/oswa** ekonomik ki te fèt akòz chit gouvènman an

Ou ka itilize nenpòt sitiyasyon nan etid istwa ak jewografi jeneral ou lè chit yon gouvènman te lakòz chanjman enpòtan nan yon peyi oswa yon rejyon. Kèk sijesyon ou ka vle konsidere se chit Lanpi Women, chit gouvènman Louis XVI, chit chogoun Tokugawa, chit gouvènman Za Nicholas II, chit Lanpi Otoman, chit gouvènman nasyonalis nan Lachin [Guomindang], chit gouvènman Batista nan Kiba, chit gouvènman Reza Pahlavi nan Iran, separasyon Yougoslavi, ak chit Inyon Sovyetik.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Pa itilize yon egzanp nan istwa Etazini kòm youn nan sitiyasyon ou yo.**

#### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou, asire ou**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

## Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, bezwen ak dezi pou sèten pwodui te lakòz konsekans ki dire lontan sou moun, sosyete ak rejyon. Kèk nan pwodui sa yo gen ladan *sèl*, *sik*, ak *koton*.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi *de* (2) pwodui ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Eksplike pou kisa moun te bezwen oswa dezire pwodui sa a
- Diskite sou fason pwodui sa a te enflyanse yon pèp, yon sosyete, *ak/oswa* yon rejyon

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- eksplike vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ou ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

... Nan monn meditàraneyen an, kote pa gen sèlman depo sèl men yon solèy ki fò ase pou seche sèl lanmè, salezon pou konsève manje pa t yon nouvo lide. Nan epòk pre-klasik yo, Ejipsyen yo ak Women yo te sale pwason, epi yo te devlope yon komès pwospè. Vyann sale yo te popilè, epi Golwa Women yo te selèb pou janbon sale ak fime. Anvan yo te konsidere mori, Bask yo te pafwa sale vyann balèn; yo te jwenn balèn sale bon anpil avèk pwa vèt....


Sous: Mark Kurlansky, *Cod*, Penguin Books

1 Dapre Mark Kurlansky, pou kisa moun yo te sèvi ak sèl? [1]

Score

## Dokiman 2

### Komès Lò-Sèl nan Trans-Sahara nan Premye Epòk yo



... Tout komès sa a te pèmèt fondasyon vil yo. Pifò vil sa yo te konsène sitou avèk komès nan Sahara. Yo te kòmanse kò ti koloni komèsyal, men yo te vin pi gran lè plis komèsan te vini ak ale, ak lè yo te vin sant pou atis ki te travay nan kui, bwa, ivwa, ak metal. Gouvènman vil yo te vin nesèsè, epi gason yo te fòme pou yo bay yo responsablite pou travay nan liv kont yo, konsève lòd piblik, asire sekirite sitwayen yo. Answit, dirijan vil sa yo te kòmanse ogmante pouvwa yo nan menm rejyon ki pi gran andeyò peyi a. Ofi-amezi, vil yo t ap grandi an eta, epi eta a yo t ap grandi pou vin lanpi....

Sous: Basil Davidson, *A History of West Africa to the Nineteenth Century*, Anchor Books (adapte)

2 Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** rezilta komès lò-sèl nan Afrik-de-Lwès? [1]

Score



### Dokiman 3

... Youn na sant komèsyal prensipal pou sèl nan monn antik la te se vil selèb Timbuktu. Vil la te nan pwent sid Dezè Sahara. Li te pwospere nan pwofi li te fè nan komès sèl...

Komès sèl la te fè vil la vin pwospè; nan Afrik, sèl te menm valè avèk lò ak esklav. Pou komèsan ki te riske chamo sou yon distans anpil santèn mil sab cho, pwofi yo te dwe anpil. Ni vil la pa t pèdi [gaspiye] richès li. Komès sèl Timbuktu te sipòte lekòl ak bibliyotèk; komèsan yo t ap viv nan bèl kay; wa a te peye gwo salè ba jij yo, doktè yo, ak eklezyastik yo—tout pwofi sou chajman sèl twa san lib chak chamo te pote...

Sous: Robert Kraske, *Crystals of Life: The Story of Salt*, Doubleday & Company

3 Dapre Robert Kraske, ki **de (2)** fason pwodui komès sèl te afekte vil Timbuktu? [2]

(1) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ Score

(2) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ Score

## Dokiman 4

... Nan epòk la [ane 1450 yo] Pòtigè ak Panyòl yo te dispoze kreye yon endistri sik nan zile atlantik yo te kontwole yo, sik te toujou yon pwodui deliks, yon medikaman, ak yon epis nan Ewòp-de-Lwès. Pèp Lagrès, Itali, Lespay, ak Afrik-di-Nò te abitye avèk kann kòm yon danre epi, nan yon limit, avèk sik poukont li kòm yon pwodui pou sikre. Men lè pwodiksyon sik nan Meditèrane a te bese [diminye], konesans sik ak dezi pou li te monte [ogmante] nan Ewòp. Mouvman endistri nan zile atlantik yo te fèt lè demann ewopeyen an te pètèt ogmante. Antreprenè endividyèl yo te jwenn ankourajman pou kreye plantasyon kann (ak lòt) nan zile atlantik yo, ki abite avèk esklav afriken yo epi ki deziyen pou pwodui kann pou Pòtigal ak lòt mache ewopeyen, paske prezans yo te garanti pwolongasyon wout komèsyal pòtigè toutotou Afrik ak nan Oryan....

Sous: Sidney W. Mintz, *Sweetness and Power: The Place of Sugar in Modern History*, Penguin Books (adapte)

4 Dapre Sidney Mintz, kisa ki te **yon** fason Ewopeyen Oksidantal yo te sèvi ak sik? [1]

---

---

Score


## Dokiman 5a

... Kann grandi pi byen kote gen anpil chalè ak dlo pandan tout ane a. Poutèt sa, Meditèrane a pa ideyal ditou. Menm sid Meditèrane a gen yon sezon frèt nan livè ak yon sezon sèk nan livè. Avèk revolisyon maritim ewopeyen ki kòmanse nan kenzyèm syèk la, Ewopeyen yo te gen aksè fasil nan zile atlantik yo, epi kèk ladan yo te gen yon pi bon anviwònman pou lakilti kann....

Sous: Philip D. Curtin, *The Rise and Fall of the Plantation Complex: Essays in Atlantic History*, Cambridge University Press

## Dokiman 5b

### Travès Atlantik la pou Sik



Sous: Aronson and Budhos, *Sugar Changed the World*, Clarion Books (adapte)

5 Dapre ekstrè Philip D. Curtin ak enfòmasyon ki nan kat jewografik la, kisa ki te **yon** rezon pou ogmantasyon pwodiksyon sik nan zile atlantik yo ak nan rejyon Amerik yo? [1]

Score

## Dokiman 6

... Yo te kreye endistri sik la nan Brezil [Pòtigè yo ki te fè sa] nan 16yèm syèk la, epi li te bay bon jan pwosperite nan rejyon an jouk lè Fransè yo (Ayiti) ak Britanik yo (Jamayik) te kreye sous sik ki t ap fè konpetisyon nan Antiy nan dizwityèm syèk la. Endistri sik la te fòme avèk plantasyon kann ak izin pou trete kann nan pou fè sik. Esklav yo te pran nan zòn Afrik-di-Sid Pòtigè yo te kontwole (Angola ak Mozanbik) te travay sou plantasyon kann yo [Brezil]....

Sous: Thayer Watkins, "The Economic History of Brazil," online at San José State University

6 Dapre Thayer Watkins, ki **de (2)** chanjman ki te fèt nan Amerik yo akòz kreyasyon endistri sik la? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score



## Dokiman 7

... Endistri koton te jwe wòl santral la nan premye endistriyalizasyon Grannbretay. Koton, antan yon fib, te gen patikularite ki fasil pou endistriyalize; li te kase mwen souvan pase lèn, epi sitou, pase len. Answit, koton se te yon nouvo liy pwodui nan Ewòp, pi souvan pou inovasyon. Yo te itilize li toupatou nan Lend, epitou yon mache azyatik pou rad koton te egziste deja. Men, nan Angletè, nouvote li te fasilite entwodiksyon nouvo machin yo, menmsi yo te dwe enpòte fib brit la. Yo te deplase travayè yo endirèkteman akòz ogmantasyon koton paske pwodiksyon len an te bese. Mank yon gwo fòs travay ki te dwe la nan koton an te evite [te fè li pa t nesèsè] bezwen pou fè anpil travayè tradisyonèl chanje fason yo dirèkteman, epi reyalitye sa a te limite rezistans lan. Anmenmtan, koton te gen gwo kontestasyon kòm yon pwodui: Li te kapab gen gwo koulè pou yon popilasyon ki toujou vle fè yon deklarasyon nan rad, epi li te lave fasil, sa ki te mande moun ki t ap devlope nosyon pwòprete pèsònèl ki pi fòmèl [egzijan]. Te gen demann pou koton, epi sa te envite nouvo teknik pou pwodui rad an kantite....

Sous: Peter N. Stearns, *The Industrial Revolution in World History*, Westview Press

7a Dapre Peter N. Stearns, ki yon **yon** konsekans komès koton te genyen sou Grannbretay? [1]

---

---

Score

b Dapre Peter N. Stearns, kisa ki te **yon** rezon ki fè yo te mande koton nan Angletè? [1]

---

---

Score

## Dokiman 8a

Anvan Revolisyon Endistriyèl Britanik lan, Lend te yon gwo pwodiktè twal.

... Lèn pa t sèlman yon gwo fòs travay ki pa t chè, men tou anpil syèk espètiz avèk twal koton. Asanblaj anpil milyon fib koton ki kout ak frajil an yon fil dirab pa yon travay mwayen [òdinè]. Anvan ane 1750, filè angle yo pa t kapab pwodui fil koton ki solid ase pou itilize nan chèn twal nan sans wotè, poutèt sa rad lokal yo te yon melanj chèn len oswa lèn ak tram koton anjeneral; sèlman filè endyen ki pi kalifye te fè fil ki konvnab pou woulo bon jan twal koton. Kidonk, anvan envansyon machin-a-file pratik yo nan dizwityèm syèk la, prèske tout rad koton Lwès te sòti nan fil ki tise nan Lend...

Sous: William J. Bernstein, *A Splendid Exchange: How Trade Shaped the World*, Grove Press

8a Dapre William J. Bernstein, kisa ki te **yon** rezon ki fè Lwès te enpòte rad koton nan Lend anvan ane 1750? [1]

Score

## Dokiman 8b

Dezi Britanik yo pou kont brit Lend te enflyanse devlopman endistri twa britanik ak relasyon Grannbretay avèk Lend.


... Yon fason ki inevitab, koton endyen te lakòz yon pwoblèm politik diskatab [ki gen dout]. Lè Angletè retire Lend nan avantaj pwòp travay li, Angletè te bay prèske tout moun garanti ki endike danre a ta yon jou vin reprezante senbòl soumisyon [kontwòl] kolonyal ak bay yon pwen konsantman kont li. Finalman, lè yon jou te rive nan kòmansman ane 1900 yo, yon gèye fèb ki gen kè yon lyon, Mahatma Gandhi, te trese destine koton ki file nan kay ak otonomi tèlman abil [avèk anpil ladrès] li te fè youn vin pa ka distenge avèk lòt la. Libète te vin rad koton ou te tise san pran souf, yon pwotestasyon palpab [vizib] kont tirani peyi etranje....

Sous: Stephen Yafa, *Cotton: The Biography of a Revolutionary Fiber*, Penguin Books

8b Dapre Stephen Yafa, ki konsekans endistri koton britanik te genyen sou Lend? [1]

Score

Dokiman 9



Sous: Jack Abramowitz, *World History Study Lessons*, Follett Publishing Company (adapte)

9 Dapre imaj sa a, endike **yon** konsekans enpòtasyon koton te genyen sou Grammbretay. [1]

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, bezwen ak dezi pou sèten pwodui te lakòz konsekans ki dire lontan sou moun, sosyete ak rejyon. Kèk nan pwodui sa yo gen ladan **sèl, sik,** ak **koton**.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** pwodui ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Eksplike pou kisa moun te bezwen oswa dezire pwodui sa a
- Diskite sou fason pwodui sa a te enflyanse yon pèp, yon sosyete, **ak/oswa** yon rejyon

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan









